



RAGAD ADVERTENTIE:  
 Kabar premii: 1 — 30 temboeng f 1.—  
 Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.  
 Advertentie limrah: f 0,15 sagaris; (apes: f 1,25).  
 Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:  
**B. SOEMARNA**  
 kabantoe  
 REDACTIE - COMMISSIE.



# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.



REGINPOEN LENGGANAN  
 SWARA TAMA

1 taon . . . . .	f 6,—	} njoewoen kabajar roemijin.
1/2 " . . . . .	f 3,—	
3 woelan . . . . .	f 1,50	

Adrèsipoen Redactie lan Administratie  
 IGNATIUS-COLLEGE  
 DJOKJAKARTA.



Drukkerij „Canisius” Djokja.

### ISINIPOEN.

Saking Directie — Jatra abrit. — Katoer ingkang wadjib — Owawal-owal — Katrangan saking Soerakarta — Soerakartache Causerie — Tebih kempal tjelak pisah — Madijeng — Gela nanging kedah lila — Philipino — Ontjèn sekar gambir melati — Saking pakempalan — Oerap-sari — Correspondentie.

### SAKING DIRECTIE.

Adrèsipoen Administratie toewin Redactie poenika: Ignatius-College Djokjakarta. Sampoen ngantos soepé. Doemoegi sapoenika taksih wonten serat oetawi postwissel ingkang dipoenadrési dateng Moentilan; poenika ndjalari randat.

Sinten badé ambijantoe serat kabar kita pijambak? Soemangga dados lengganan Sw. Tm. Sinten badé ngedegaken agèn kanggé Sw. Tm? Kersa rembagan kalijan Administratie. Tigang panggénan, ingkang sampoen dipoenwonteni; sinten noetoeti??

### PRADJA RAHAJOE

#### JATRA ABRIT.

(Bank doesoen).

Ringin poeth sampoen ngandaraken bab jatra brit wonten ing Sw. Tm. no. 14. Sareng maos koela kéngetan rekaosipoen sadèrèk ing doesoen koela pijambak, margi saking wontenipoen jatra brit.

Dipoenwonteni makaten poenika, pantjènipoen kanta doesoen kedah gampang; negari anggènipoen ngwontenaken bank doesoen poenika soepados kanta alit, sageda oewal saking tanganipoen tjina mindring, sampoen ngantos kaperes, sebab anggènipoen kedah mbajar sareman katah sanget. Ananging kanta doesoen teka malah noebras-noebras, noendjang-noendjang, polahipoen boten kantenkantenan.

Poenapa ingkang moeroegaken makaten poenika? Poenaba saremanipoen jatra brit langkoeng katah katimbang manawi njamboet tjina? Tjobi dipoensetèkèken.

Ing doesoen koela poenika tijang kénging njamboet jatra brit katah-katahipoen f10 (sadasa roepijah) se-pisan. Sekedik-kedikipoen f1 (satoenggal roepijah). Kalih-kalihipoen kedah sak sarana katjijil kaping sawelas. Manawi njamboet sadasa roepijah, sapisanan nitjil f0,80 (woloeng ketip); poenika nama saremanipoen; saladjengipoen kedah mbajar (nitjil) f 1 (satoenggal roepijah) kaping sadasa, lan boten kénging semados. Mila pétanganipoen njamboet sadasa roepijah, mangsolaken f10,80 (sadasa roepijah woloeng ketip) ing dalem 11 minggoe; dados sataoen wontenipoen sareman f0,80x52: 11 = f3,78; poenika ringkesanipoen. Poenika rak boten katah, manawi katingand kalijan njamboet tjina. Ingkang katah-katah njamboet tjina poenika inggih nitjil; ananging poenika tjitjilan boten kanggep babon, namoeng sareman kémawon: dados manawi dèrèng saged mangsolaken babon, inggih taksih njoekani sareman kémawon; lah, poenika ingkang moeroegaken katah; sareman saged tikel-matikel katimbang babonipoen. Éwasamanten ingkang njamboet jatra brit roemaos kangélan; poenapa sebabipoen?

Temtoenipoen inggih warni-warni. Ananging ingkang preloe, bokmanawi, anggènipoen boten kénging dipoensoemadosi, kedah kropjok manawi sampoen doemoegi wantjini-poen; dipoensoemadosi sanès dinten (toenggil minggoe lo) boten kénging; kedah dinten kemis oetawi dinten sanès, mawi-mawi panjamboetipoen dinten poenapa.

Kedjawi poenika tijang njamboet waoe ingkang katah-katah, boten

gaduh ingkang dipoenjagèkaken kanggé nitjil, kedjawi ingkang kanggé bebakoelan, dipoenpadosaken indakipoen. Déné saking kepèpètipoen ladjeng dateng tjina, damel djoegangan ngrika, kanggé ngoeroegi djoegangan ngriki; dangoe-dangoe ladjeng kados-poendi? Para sadèrèk sampoen saged mbatang pijambak kedadosanipoen.

Mila sadangoenipoen sadèrèk djawi boten ngertos aosipoen arta, soetik nggegoelang saéning economi-poen, inggih tansah badé makaten kémawon sateroesipoen. Soemangga sami njepeng, ngoedi saged njepeng arta, soepados sampoen ngantos kelantoe-lantoe, damel tiwasing badanipoen pijambak.

„Poepoera sadoeroengé bendjoet.”  
 Noewoen: T.

### KOEROE SÉTRA

#### KATOER INGGANG WADJIB NGOEROES.

Ing Sw. Tm., Kedjawèn, Sedyata, kados sampoen (naté) kepara kerep njroewé sadèrèk ingkang asring damel rendeting lampahipoen koran dateng para lengganan, ingkang margi kabégal kawaos wonten margi (ing kantor Kaboepatèn, Kawedanan oetawi ass. Wed.)

Sadèrèk ingkang poeroen mbégal ngaten poenika bokmanawi pantjèn nékat toer boten wonten ingkang ngémoetaken; dados kirang pandjagi.

Koela sampoen naté soemerep laré ing Kaboepatèn linggih ing kamaripoen kanti sekétja maos serat kabar; Djanget. Sareng koela takèn poenapa pijambakipoen ngebon? Wangsoelan: „Namoeng njamboet; rehning poenika dinten Ngahad serat kabar boten dipoenlampahaken.” Sembranipoen, ndadak band-ipoen dipoenbikak toer kaitjalaken. Bokmanawi serat kabar kita Sw. Tm. oegi asring dipoen-ngatenaken. Soemerep koela makaten poenika se-priki sampoen dangoe. Sokoer jèn sapoenika sampoen mantoen. Nanging taksih wonten ingkang badé koela sroewé, bab kiranging pandjaginipoen prijantoe kantor dateng barang kintoenan! Ing salebetipoen woelan Sawal poenika koela toewi sadèrèk koela ing Kaboepatèn B, koela dipontedahi potrèt koela. Koela goemoen déné pijambakipoen gadah gambar koela; mangka koela boten naté njoekani potrèt.

Sareng koela oeroes tijang waoe tjrijos jèn gambar waoe angsalipoen saking anggènipoen ngrebat gadah-anipoen laré djalar nama W. Potrèt waoe toenggilipoen 2 dados waoenipoen 3, kintoenan saking Mtn, dateng kanta koela. Terang jèn dateng kanta koela, awit kanta koela waoe pantji dèrèng tampi sa-éstoer toer nitik tjrijosipoen sadèrèk koela ingkang ngrebat waoe, tjotjog lan tjrijosing kanta ingkang boten tampi potrèt waoe. Koela predjandji dateng sadèrèk koela, soepadosi potrèt sanèsipoen dipoeneroes. Tjrijosipoen anggènipoen asring mendet potrèt poenika boten namoeng sapisan poenika, nanging sampoen saben-saben. Saben wonten tijang kintoenan potrèt saking Dèli dipoenendeg kaepèk. Lo, goemoen koela lah tijang dédé gambaring sanak oet. sadèrèk oet. tepangan, malah tijangipoen kémawon dèrèng soemerep terkadang boten badé soemerep tijangipoen, kok gambar dipoenmèlik? Gèk badé kanggé poenapa?

Anggèn koela matoer kantor kirang pandjagi waoe bokmanawi njata. Awit: Laré ingkang mendet waoe dédé laré magang. Poenapa saben laré kénging mlebet ing kantor panggénan serat-serat. Oepami parenga: poenapa saben laré klilan ningali serat oet. potrèt kintoenan-ipoen tijang dateng sadèrèkipoen? Jèn ngaten dados terang jèn kirang pandjagi.

Ingkang poenika koela njoemang-gakaken dateng para ingkang kedjibah ngoeroes lampahing kintoe-

nan ingkang sampoen mawi mbajar dateng Negari. Awit tindak makaten poenika, kadjawi damel toeningning si pengirim, oegi tansah damel pangadjieng-adjengipoen si penerima. Dados si bégal damel soesahipoen tijang 2.

Kados-poendi sagedipoen mantoen tindak makaten poenika, sa-koela namoeng masa borong.  
 Ngadjak saé lampahing kintoenan.  
 S. S. Dh.

### OWAL-AWIL-OWEL.

#### Bédaning theorie kalijan practijk!!!

Menggah ing paédahipoen fonds — inggih sa-fonds-fonds-ipoen — kados para maos sampoen boten kekilapan. Menawi koela wawas makaten, kok matèk sanget jèn ta fonds poenika koela wastani pandemèning (salah satoenggiling bebada oetawi jejasan). Basa pandemèn makaten, para maos temtoe sampoen priksa sapinten keplasilipoen! Badéa grija gedong magrong-magrong, manawi pandemènipoen boten santosa, badé kados-poendi kadadosanipoen? Wonten lindoe alit-alitan kémawon mesti poen gedong gampang . . . . . ambroekipoen. Tjekakipoen fonds poenika satoenggiling dedasar ingkang perloe pijambak ingatasing adegipoen . . . poenapa kémawon. Saben iroeng mesti sami ngertos; pramila jèn wonten ingkang tidak maoe mengerti djalaran ini lan itoe, sampoen doeka lo, oepami koela koemawani mastani: wong djing ngono koewi kena diarani wong ora ndjaman!! Mila mangertosa, sinten ingkang kersa mangertos!!

Tjoba oepami koela pendetaken paseksèn, kados wonten awonipoen: kanggé toelada oepaminipoen Swara Tama kita. Sok oeger fonds Swara Tama (tandon arta kas) santosa, wedaling kidjaka Sw. Tm. mesti inggih sakétja, njenengaken, maremake dateng tjita-tjita kita. Jèn kijatipoen fonds waoe saja wewah-wewah boten badé sélak koela, oepami Sw. Tm. ladjeng saged medal ping 2 oetawi ping 3, soekoer bagé ping 6 ing dalem saminggoe. Poenapa boten makaten kiloerah redacteur?? Mila koela roedjoek dateng oréanipoen sang sinoedara Dul Itoe dija ing Sw. Tm. kapengker poenika!!

Mekaten oegi menggahing pigoen-anipoen Studiefonds, toewin spaar-fonds, . . . lan sanès-sanèsipoen.

Wontenipoen fonds-fonds waoe bebahan kita pijambak. Toemrap fonds serat kabar (oepami Sw. Tm.) lah inggih para lenggananipoen ingkang kedah njanggih; mila inggih sampoen (adja) wigah-wigih énggal ngintoeni arta lengganan . . .

Déné toemrap studiefonds oetawi v. L. S. lan sanèsipoen sadaja tijang kadjibah andarmani. Poenika nama wadjib. Pramila soemangga énggala dados contribuant oetawi donateur-ipoen salah satoenggiling fonds. Temtoe kémawon kita Katholiek, inggih boten tilar jasan kita; dados . . . . . voor ons — door ons!!

Sinten roemaos dèrèng . . . . . ??, soewawi énggal ngatoeri dateng bestuur v. L. S. soemedija dados contribuant . . . moepoeng djembar kalangané, moepoeng gedé remboelané . . . . .

Ing ngginggil koela sampoen matoer bilih wontenipoen fonds poenika perloe sanget, lan ingkang koewad-jiban kita pijambak. Para pemimpin-pemimpin ra'iat sampoen jakin sanget ing bab poenika, pramila inggih boten ngétang sajah arip sami propaganda: ngenah-genahaken dateng ra'iat . . . . . Lan ing pamawas kados ra'iat kok sampoen insjaf! Tandanipoen jèn pemimpin-pemimpin ageng sami sesorah, wah soerak lan keplok mawoerahan . . .

Nanging koela kok radi goemoen, ngéngeti kala parepatan P.P.P.K.I. ing Mataram ngadjangi sesorahipoen Mr. Sartana, propaganda nasional fonds lan woeker bestrijding kala anoe poenikal Mitoeroet kabar ingkang sami dateng wonten 1200 san. Salebaripoen, Ki Hadjar Déwantara mawi ngéngtaken dateng sadaja ingkang dateng poeroena mbantoe adeging nationale fonds waoe . . . Malah Ki Hadjar ngantos soempah, manawi angsal-angsalanipoen derma saking tijang ingkang sami dateng waoe namoeng sakedik, Ki Hadjar boten badé sesorah salaminipoen gesang wonten ing pegadring malih!! . . . . .

Nanging sareng wonten bus moebeng, saking tijang 1200 namoeng saged angsal f 50 (zegge lima peoleh roepijah), mitoeroet Djanget angsal ± f70. Ta, rak nggoemoenaken; inggih?? Dados ratjakipoen a tijang namoeng 4 — 5 sèn.

Mangka kanggé adat tetijang poenika boten éman-éman kétéjalan arta f 0,12 kanggé . . . ningali gambar idoepp: mboetjal arta f 1,— oetawi poendjoel kaanggé njoembang tijang gadah damel. Langkoeng-langkoeng manawi kanggé domino??

Sareng kanggé kapreloewan fonds nasional, kok ming mak keteklik!!! Hm, taksih samanten kawontenan-ipoen bangsa Indonesia . . . Owawal-awil sampoen poeroen, nanging manah owel taksih nggondèli . . . Menggah ing pigoenanipoen sampoen ngertos (insjaf) nanging jèn tjotjoel . . . éman-éman jaji éman . . .

Moegi kita Katholiek sampoen (adja) sami nggadahi manah: owal-awil-owel.  
 Koela pepoedji, ikhlas!!!  
 Talim koela  
 !?!

### KATRANGAN SAKING SOERAKARTA!!

#### 1. Sambet „Bab jeugdorganisatie.”

Sanadjan sampoen kasèp, koela badé tjao katrangan gegajoetan lan bab kaseboet ing ngginggil. Ing Solo dèrèng madeg tjabang J. O.; dados boten kados verslag saking sad.: Gambir Anom. Jèn warga J. O. Commissie wonten i. p. sad.: Soerjawi-

**NGLEBETI NORMAALSCHOOL.**

Ngatoeri pirsu bilih: „Toelating examen” kanggé Normalschool èstri ing Ambarawa béndjing tanggal 26 lan 27 Mei 1930. Sinten ingkang badé nglebeti, kénging njipeng wonten ing Zusteran.

Meisjes - Normalschool  
**ZUSTERS FRANCISCANESSEN.**

narto (sanès Soerjasoenarto) lan sad.: A. J. Siswasoebroto. Gandèng lan bab poenika koela tampi katrangan saking sad.: A. J. Siswasoebroto ingkang kerep rerembagan lan Rama G. A. K. W. Solo bab prakawis poenika. Saking pamrajoginipoen Rama G. A. Solo dèrèng saged kawontenaken tjabang J. O. Moeda Kathotiek, djalaran kekirangan warga! Mangka jaja J. O. makaten dédé baèn-baèn!! Rama G. A. paring pangandika, bilih boten badé kasoepèn dateng babagan setoenggal poenika, samangsa sakinten sampoen saged dipoenedegi tjabang, énggal-énggal badé dipoenedegi!!

Moeda Kath. dèrèng wonten; nanging sampoen saged ngedegaken „R. K. Padvindersbond” tjabang Congregatie. G. A. rama pastoe H. Koch — Voorloopig padvinderij roemijin badé dipoenandosi!!  
 Wasana bab poenika moegi ndadosna kawoeningan.

#### 2. Katoer sad.: „Panonton”.

Sad.: Panonton, koela oermati déné pandjenengan kagoengan tékad makaten. Nanging mbok inggih sampoen, ngetepoes-ngetepoesaken pakempalan K. W. Solo, djalaran . . . . . Anggènipoen K. W. Solo gadah tindak makaten poenika boten kok kados laré alit, namoeng waton moeni. Pandjenengan temtoenipoen inggih midanget katranganipoen oetoesan Solo babagan poenikal Kados-poendi?? Anggènipoen K. W. Solo nggadahi tindak makaten, mbalik, sareng sampoen tampi katrangan babagan Sw. Tm. ing satjeta-tjetanipoen: déné waoenipoen katrangan waoe boten tjeta babar pisan; mila ladjeng wonten poetoesan „Ora lega, ora lila . . . . .” Sareng sampoen dipoenterangaken . . . ladjeng . . . . . Sapoenika, koela atoeri manggali, tinimbang Sw. Tm. mati . . . poenapa boten langkoeng saé kapasrahaken ingkang karsa nggesang?? Poenika stand-punt K. W. Solo, ingkang koela oegi dados warganipoen.

(Vergadering sapisanan moetoes: Ora lega ora lila . . . . . Nanging sareng wonten sad.: ingkang nerang-nerangaken i. p. nalika samanten kleresan Pangarsa lan panitra P. K. W. sowan Rama H. Koch dipoenparingi kabar bab poetoesan Solo babagan Sw. Tm. — Pangarsa lan panitra P. K. W. matoer katah-katah, wasana kadawoehan rembagan lan pangrèh K. W. Solo. Pangrèh K. W. Solo mireng katrangan waoe, ladjeng toemandang ngawontenaken parepatan miroenggan, mligi ngrembag Sw. Tm., djalaran poetoesan ingkang sampoen poenika kaanggèp boten absah, margi boten gamblang, boten wonten ingkang nerang-nerangaken. Katrangan namoeng Schriftelijk saking sad.: Kasimo. Sad.: Kasimo sagah badé nerangaken wonten ing parepatan K. W., nanging margi alangan kapasrahaken sad.: R. Soemadisastra. Déné sad.: Soemadisastra margi gerah sanget, boten saged ngrawoehi vergadering — dados katrangan Schriftelijk waoe kémawon kakintoenaken dateng pangrèh K. W.; ingkang ladjeng kawaos wonten ing parepatan. Nanging katrangan waoe taksih mbingoengaken — djalaran dipoentjekak sanget, poenika — inggih margi poenika ladjeng toewoehing poetoesan „ora lega ora lila . . . . .”)

Moegi ndadosna kawoeningan!!  
 C. C. Solo.  
 Trenggono.

### V A R I A

#### SOERAKARTASCHE CAUSERIE.

1. Sirahtoeleahmi „Boedi Oetama.”  
 Kala malem Kemis tg. 26-3-30 B. O. tjab: Soerakarta ngawontenaken pepanggihan „Sirahtoeleahmi” kanggé para warga lan oegi ngoelemi dateng pakempalan-pakempalan sanès, kalebet oegi K. W. afd.: Solo. Pepanggihan Sirahtoeleahmi waoe



Kala kongres P. K. W. tanggal 16-3-'30 poenika, pparepitan kaseboet netepaken „Verificatie-commissie” mrika wontenipoen arta kas „Van Lith Fonds”. Wondéné ingkang katetepaken:

- 1e. Heer Hardjadinigrat.
2e. Id. Moerdadmadja.
3e. Id. Toegiana.
Klampahan kala tanggal 1-4-'30, sadèrèk no. 1 + no. 2 sami mrika wontenipoen arta kaseboet, pinanggih djangkep. Inggih poenika saldo ing 1-4-'30 wonten f 1957,61. Arta samanten wae ingkang wonten ing astanipoen Peningmeester . . . . . f 1332,61 wonten ing astanipoen G. Adviseur f 625.— (rama Rijkevorsel ing Ambarawa).

Ingkang ndamel: Moerdadmadja. Hardjadinigrat.
N. B. H. Toegiana boten saged toemoet mrika, kabekta alangan.

Parepitan K. W. Soerakarta tanggal 6 April 1930.
Ingkang karembag:
I. Pamboeka.
a. pangarsa ngabaraken pasrahan Sw.Tm. ingkang sampoen katampi wonten ing parepitan P. K. W.

b. Ewah-ewahan pangreh, secretaris sad. Martawihardja kagantos sad. Dwidjoesanta.
c. G. A. gantos Padoeka R. P. Schots roemijin Padoeka R. P. H. Koch.
b. Moedapangarsa sad. Djajaotamã gantos sad. Brataatmadja, ewah-ewahan wae kabekta margi P. K. W. wonten ing Solo.
e. Maos serat saking G. A. lami, asoeraps pamit.

II. Notulen parepitan 7/3-'30 lan 13/3-'30 (parepitan miroenggan) absah.
III. Verslag kongres P. K. W. Sasampoenipoen dipoenéwahi saha pitakèn-pitakèn dipoenwangsoeli lan pamrajogi katampi ladjeng katampi ing parepitan kanti gambiraning manah.

IV. Sesorah bab: Kath. Actie. Kath. Soc. Actie saking C. C. Solo.
I. Pamedar sabda miwiti nerangaken temboeng social ingkang kados boten perloe koela verslag djer para maos temtoe sampoen priksa sadaja.

II. Katholieke sociale Actie poenika ngrwat prakawis warni-warni inggih poenika:
a. Pakarjaning leeken pijambak-pijambak.
b. Pambijantoinipoen tjang: Katholik ingkang perloe katjaoesaken dateng para ngoelama toemoesipoen dateng ngarsa Dalem ingkang Sinoehoen Kangdjeng Santo Rama oetawi dateng ngarsa Dalem Kangdjeng Goesti Jésoes Kristoes, moerih kraton Dalem kawijarna.

Spreker njarijosaken babad-babadipoen Pasamoewan Soetji sadèrèng lan sasampoenipoen Franche revolucie. Sasampoenipoen Franche revolucie, ingkang ndjalari djagad dados broewet Pasamoewan Soetji sanget mbetahaken Kath. Actie. Franche revolucie poenika maonet panggambaripoen Spreker, kénging kasamèkaken kanti nampi lezing-ipoen Mr. R. T. Wangsanagara atitel: „Margi énggal toemraping njamboet damel kanggé kaperloeaning bangsa.”

Lezing wae mawi basa Djawi; tjeta, widjag adamel mareming para ingkang mirengaken. Kados - poendi wosing lezing badé koela tjekak kémawon, mindak ngebak-ebaki papan: ± makaten:
a. Nerangaken toedjoening B. O., kanggé ngéngtaken, nggoegah, lan madangi para ingkang dèrèng mangertos dateng B. O.

b. B. O. sampoen diwasa, sampoen lami oemoeripoen i. p. sampoen 22 th; oewohipoen ingkang katingal oepami jasa pamoelangan-pamoelangan, kawontenanipoen boten maremaken, djalaran kirang actiefing para ingkang sami sagah nandang. — Bab Rembag-rembag B. O. sampoen katah, nanging toemindakipoen kirang sambilan lan moejeging rembag. Wohipoen B. O. ingkang ageng i. p. woh ingkang boten katingal, awoedjoed ndederi widji dateng ra'iat nggadahi idam - idaman loehoer i. p. ladjeng gadah pepénginan mandirèng pribadi. —
c. Njarijosaken wataking tijang Djawi, nriman, andap asor i. s. p. Watak nriman. kanggé individueel saé, nanging sarèhning kita poenika kedjawigesang kanggé individueel, oegi dados péranganing ra'iat, dados warganing maatschappij, dados péranganing bangsa Indonesia, mila oegi gadah koewadajiban ndjagi moerih saja koentjaraning kabangsan Indonesia.

d. Ngalembana dateng Ghandi ingkang ing lair nrimah — pasadja gesangipoen, nanging loehoer gegajohanipoen. —
e. Kita poetera Indonesia nggadahi pakempalan politiké — mrandani bilih watak nriman wae saja dangoe saja soeda — Pak. politiké nggadahi toedjoe loehoer sanget, ngoedi moerih tn. Indonesia saged mardika — bangsa Indonesia saged koentjara, soegih, moelja.

f. Bab sangoe kanggé nggajoh toedjoe wae i. p. kapinteran lan kasoegihan. Bab kapinteran „poetera Indonesia” nitik oengoeoengoeipoen saged sadjadjal lan bangsa sanès — katanda saweg pinten th. tn. Indonesia sampoen saged mbabar poetra ingkang atitel Mr. Dr. Ir. malah sampoen wonten ingkang atitel Prof. — mangka Prof. poenika tijang ingkang kaanggep pinter déning ka-oem intellect.
Bab prakawis economie — economie poenika dados kabetahan-

samèkaken lan broentakaken ing Mexico. Rusland ingkang sanget nempoh dateng baitanipoen Santo Prêtres.
Saestoenipoen babad-babadipoen Kath. Soc. Actie sampoen wiwit djamanipoen Rasool Santo Paulus, katanda ing nawala dalem sanget ngalembana dateng salah-satoenggiling wanita bangsa Filippie ingkang sanget mbantoe dateng adjinging Missie (Priscilla).
Saandap Sampéjan dalem ingkang Sinoehoen Kangdjeng Santo Rama Paus Pius XI lan Katholieke sociale Actie kawrat ing nawala dalem (Encicjelic Ubi Arcano Dei). Menggah soeraoipoen:
a. Katholieke Sociale Actie poenika boten kénging magepokan oetawi tjampoer tangan kalijan politieke actie.
b. Katholieke Sociale Actie makaten Karesnan dados ingkang kapeleng ngoedi moerih rahadjenging soekma.

c. Katholieke Sociale Actie poenika kedah tansah sesambetan lan ngoelama.
d. Ngéngeti genging pigoenanipoen Kath. Actie panggalihan dalem, bilih boten nge-moengaken para Ngoelama kémawon ingkang kedah ngajomi, nanging Pradja makaten oegi. Jèn saged toemindak makaten badé saja mbijet wohipoen.

Ing saladjengipoen spreker njarijosaken bilih Kath. Actie kénging kagajoh mawi sran-warni-warni oepami: djomangkah wonten ing onderwijs actie, jasa grija sakit, njabar boekoe-boekoe Katholik, ngedalaken koran, mbijantoe retrèr njamboet damel lan pakempalan sanès kanggé kaperloean oemoem, jasa internat lsp. taksih katah toenggilipoen.
Spreker njarijosaken bilih tanah Indonesia ing wkdal samangké sinawang mawi katja mripat poenapa kémawon sanget mbetahaken dateng Kath. Actie ingkang moelja sanget roepingipoen poenika wae.

Minangka panggoegah spreker njarijosaken actienipoen Indonesische Christen Jongere ingkang kapatjak ing De Banier 13/2-'30 petikan saking organa Rindoe Dendam, sanget maremaken manah katingal bilih pemoeda-pemoeda Christen Indonesia sagah nindakaken sesanggemanipoen - katoer Iboe Indonesia djoejdjoeng dradjadjing bangsa Indonesia ing sesadaja - sedajaniipoen langkoeng - langkoeng prakawis Rohani, sran ngambah margi paring Dalem Sang Kristoes, djalaran poenika margi ingkang tjekal lan premati pijambak ingkang andjog dateng sedjatosing kamardikan lan bawa pijambak. (‘t is voor ons de beste, de meest veilige en de kortste weg naar de ware vrijheid en zelfstandigheid). Kanti pitados ing Pangéran, pitados ing kekijatan pribadi lan pitaja-pinitajan pemoeda-pemoeda wae, badé ngetingalaken lelabetanipoen dateng oemoem dateng Iboe Indonesia.

Doemoegi samanten bab-bab ingkang pantes koela pntéti.
Sasampoenipoen pitakèn-pitakèn kawangsoelan ing spreker, saha pangarsa K. W. soeka panarimah dateng C. C. Sl. parepitan katoetop mawi soesila Katholik.

Verslaggever C.C. Sl. PAMOR.

Kala roemijin nalika Sw. - Tm. wonten ing Moentilan, Adm. kempal dados satoenggal lan Adm. S. K. Nanging sareng Sw. - Tm. pindah wonten ing D. K. sawatawis laminipoen, Adm. (Sw. - Tm. lan S. K.) sami madeg pijambak - pijambak. Dados sapoenika, kantoen (kénging) milih salah satoenggal poendi ingkang dipoensenggi? Ananging jèn lengganan ngrangkep, badéniipoen mindak pètanganipoen. Ingkang genah kémawon sawoelan sampoen 5 bénggol. Semanten poenika jèn ingkang sampoen lengganana Sw. - Tm. boten angsal kamirahan kados roemijin. (Sw. - Tm. lan S. K. satoen namoeng f 7,50). Soekoer jèn taksih adjeg namoeng kados tatoening waoenipoen, saged oegi namoeng wawah 13 1/2 cts, ing satahoen.

Jèn boten angsal kamirahan bokmanawi katah ingkang sèlèh. Poen panjerat loegoenipoen aseneng sanget maos serat pawarti ingkang basa Djawi tinimbang sanèsipoen.
Pangapoenten jèn Toenggananing P. P. K. D. gadah toedjoean oetawi sedyana sanès. Ngemoengaken toemrap ingkang boten saged basa Djawi oetawi kirang remen dateng basa Djawi. Inggih sampoen, matoer sanget noewoen. Awit boten sandé nadyan poen panjerat oegi warganing P. P. K. D. botena maos S. K. noen inggih badé (saged) soemerep ébahing P. P. K. D. djer Sw. - Tm. mesti oegi badé ngewrat, tek kliweripoen lan swaranipoen P. P. K. D. Malah-malah asring wonten isinipoen ingkang plek sami, namoeng béda bananipoen. Lan malih sanadyan pisah, ta taksih manoeinggil batinipoen.
Pangaksamanta
Pak B.C.

Advertisement for VAN LITH-STICHTING. POENAPA pandjenengan sampoen ngintoenaken CONTRIBUTIE? Pangreh V. L. S. BIJZ. H.I.S. MAGELANG. MADJENG.

Ing salebetipoen woelan Maart 1930 poenika kanggéniipoen parésidénan Blitar kénging koela wastani woelan saé. Ing kita missie saged mbikak sakolahan doesoan 3 panggénan, ingkang satoenggal kanggé laré èstri. Ing doesoan Tjandiredja lan Soekaredja reh onderdistrict Ponggok Srengat mbikak kalih. Ing Tjandi moeridipoen sampoen 55 déné Soekar saweg 25. Déné ingkang badé kabikak taksih 3 panggénan malih. Goeroenipoen taksih sami moeda, kebak idam-idaman, tresna ing sasami sadaja-sadaja antjasiyoen kanggé ngloehoeraken Asma Dalem Goesti Jésoes, Panoetan kita. Soemangga sadèrèk katandangan kanti soemarah ing Pangéran, koela réntjangi dedonga.
Pangreh P. P. K. D ngatoeri soeng rawoeh, bingah déné barisanipoen tjalon santosa, wawah pradoeritipoen kinten 8 sabrolan.
C. C. Kloet. HORIZON.

GELA NANGING KEDAH LILA.
Para sadèrèk, nampéjan rak sampoen oegi mangretos jèn sapoenika Sw. - Tm. saweg tjokoer broes, polka oetawi broes singkèk méndring. Mila medalipoen saweg saged saminggoe sapisan. Nanging sami ngangkah sageda potong scheidng dados dagblad. Sapoenika saweg tjokoer gedang goréng kémawon, toemrap panggénan ingkang tebih post, kerep tampingipoen sampoen wae, angrem roemijin. Kala-kala asring sareng lan minggoe tjandakipoen oetawi sasarengan kalijan ki Soeara Katholik. Méndah déné jèn ing béndjing saestoe dados serat kabar dintenan, rak angendoeng roemijin tampi oendoeng-oendoengan.

Poenapa nampéjan pitados? jèn pak D. T. S. sampoen naté tampi Sw. - Tm. sampoen loengsed, pendeng oetawi bentingipoen sampoen ngletek, wawah wonten blentong-

\* Prakawis tek - kliweripoen P. P. K. D. papanipoen wonten S. Kath. boten wonten Sw. T. Red.

Agé-agé andawahaken pepantjasan tanpa kanalar roemijin poenika moetawatosi sanget lan asring kaéwanan ing para sardjana. Saopami wonten prijantoean doek lelana dateng ing tanah Papoeah, wonten ing pasisir amrangoeli tijang priboeni ing rikoe ingkang atjatjad wosita, wasana prijantoean wae katesa - sesa tanpa kalimbang roemijin ndawahaken pepantjasan: „Jèn mengkono wong Papoeah ikoe woeta kabèh,” méndah éwanipoen para saged ingkang mireng poetoesan poenika. Makaten kelampah oegi ing nalika taon 1904 wonten ing kita St. Louis (Missouri Amérikah), nalika wonten tentoonstelling ageng-agengan. Kadjawi barang mawarni - warni saking djaduhan poendi-poendi, ingkang kawahjakaken wonten ing papan stellingan, wonten ing rikoe oegi wonten pepetan doesoan ing tanah Philipino ingkang kapitontonaken. Méh sadéngah tijang ingkang ningali doesoan poenika, sami kagawon margi saking djiblèsing pangémba; lan boten kirang sadèrèk Amerika ingkang ladjeng kamipoeroen andawahaken pepantjasan tanpa kanalar babar pisan: „Jèn mengkono, wong Philipino ikoe isih alasan, tanahé doeroeng madjoe babar pisan, isih kaoem kolot.” Makaten soeraosing pepantjasan. Kang mangka manawi katanding kalijan kajektosanipoen ing tanah Philipino, katah sanget soengsatipoen. Lan sok sintena ingkang saja damang kalijan kawontenanipoen ing tanah Philipino, temtoe saja langkoeng mangoe-mangoe anggèniipoen damel poetoesan. Mila kaparenga koela anjaosi elar-oelar sawatawis ing bab kawontenanipoen tanah Philipino ing samangkénipoen: bokmanawi wonten salah satoenggiling lengganana Swara-Tama ingkang kapi adreng soemerep kawontenanipoen tanah Philipino, ngiras kanggé ndjembaraken seserepan. Kalilana ngrembag roemijin:
A. Babagan Agami.

Tanah Philipino poenika tjatjah djiwanipoen kirang langkoeng wonten 10 joeta. Samanten poenika ingkang ngasroek Agami Kristen wonten 91%; inggih saking pamboedidajaniipoen bangsa Sepanjol, ingkang ing djaman wingi-oeninipoen peng-pengan lan komboel sanget anggèniipoen amrosoedi amentjaraken Kababar Kabingahan, amijaraken Kraton Dalem Sang Sinoehoen Sri Jésoes. Ing taon 1450 Agami Islam wiwit brikib-brikib wonten ing tanah Philipino ing sisih kidoel; éwasamanten panampinipoen tijang priboeni kagebag ratjak boten patos gita - gita sanget; ing samangkénipoen ingkang sami toemoet Agami Islam boten patos katah jèn katanding kalijan ingkang andèrèk Agami Kristen. Ing tanah paredèn taksih wonten tijang-ipoen kalih oetawi tigang atoès ewoe (200.000 oetawi 300.000) ingkang ngoegemi agaminipoen kina inggih

ipoen wangoen cirkel oetawi njèprèt kados katètèsan hara poenapa ta, nampéjan badé poenika!
Bokbilih nampéjan tampi kados makaten, panjoewoen koela, moegi sampoen tjoeua, ingkang aso kémawon. Leres sagedagan mila gela, boten maiben, tijang sampoen dipoenanti-anti. Nanging noen inggih ingkang lega lila kémawon.
Poenapa ta preloenipoen? Soepados poen lantjang wae, (jèn klan-tjangan ané) sageda soemerep actie, toedjoean kita, Red. saha Hoofd-ipoen, actief, patent saestoe, (ning boten mawi wewahan LONDON lo) sregep, mantep, sengoet adikoet anggèné sami angadani poenapa ingkang sampoen dipoenwadjabaken.
Kaping kalihipoen katandjakna ngiras kanggé dana. Réhning boten saged dana banda, inggih aksaraksara! Kados boten wonten awonipoen.
Kaping tiganipoen koela wastani kénging kaanggé gladi sabar lan mangrasoel krida.
Pak D. T. S. wae anggèné sok tampi kados kaseboet boten namoeng kaping sapisan kémawon. Déné doengoenipoen angsalipoen tindak sandja roemijin oetawi djongkot roemijin boten terang wonten ing sinten oetawi poendi boten kasoemerepan. Awit padoeniongan tebih saking postkantoor, tampingipoen kanoenoet-noenoetaken.
Nadyan lampah makaten poenika déné samestiniipoen, koela wangsoeli malih noen inggih ingkang éklas lahir batin. Bokmanawi pantjèn sampoen makaten watak lagoe lagéanipoen para ingkang dèrèng mangretos.
Kanggé toelada jèn boten kénging ngroemijini makaten: nalika Pak D. T. S. manggèn ing Dlg. bawah

poenika animisme lan fetichime; éwasamanten toemraping Agami Katholik poenika boten moetawatosi babar pisan. Mitoeroet panatjah-djiwa ing taon 1918 ing tanah Philipino goenggoeng kempaling tijang priboeni wonten 10.249.000, tijang ngamantja wonten 66.000; samanten poenika bangsa Tjina wonten 43.000, bangsa Djepang 8000.
Toemraping Agami Katholik ing tanah Philipino Agami Islam toewin agami animisme lan fetichisme, kados ingkang sampoen kasebat, boten moetawatosi sanget. Éwasamanten wonten bebaja sanèsipoen ingkang langkoeng moetawatosi inggih poenika:
1. Agami Protèstan.

Wiwit tanah Philipino karegem ing Amérika, daja lan kekijatahipoen Agami Protèstan saja mindak lan saja ngrébda, kabekta saking anggèniipoen binantoe sanget ing tijang Amérika sarana loemintoening dana arta lan barang sanès-sanèsipoen. Kadjawi poenika tandanganipoen para pangandjoering Agami Protèstan saja dangoe oegi saja gregoet sanget.

2. Djamoer oepas oetawi wisaning pamoelangan madyasta (neutral). Kekoeoeng ing weloelang „anti - sectarisme” liripoen réwa-réwa boten mawang golongan poendi, nanging sadjatosipoen badé amboetjal Agami, pamoelangan madyasta sedyanipoen boten sanès namoeng badé ngitjali sadajanipoen dedasaring Agami sarana memoeroek prakawis ingkang tjengkah kalijan piwoelangiipoen Kangdjeng Iboe Pasamoewan Soetji, lan laksita darma; woesana saged damel dojong lan gingsiring manah, nebihaken para siswa saking Gréda lan Agami, lan saged damel risaking soekma. Pamoelangan madyasta binantoe sanget ing negari, balik pamoelangan partikelir ingkang mawi dedasar Agami Katholik boten kaparingan subsidie, kedah saged madeg pijambak; pramila adjingipoen inggih boten sapintena jèn katanding kalijan pamoelangan madyasta, jasanipoen negari. Ing taon 1925 wonten pamoelangan madyasta 7438, tjatjahing moerid 1096758 goeroenipoen 25700; déné pamoelangan partikelir namoeng wonten 676 lan moeridipoen 82525, goeroenipoen 3400. Dados tetandanganipoen 12: 1. Pamoelangan loehoer jasanipoen negari ing taon 1924 moeridipoen 6000; sareng ing Pamoelangan loehoer, jasanipoen para Rama Pastoer poetraniipoen Santo Dominikoes, (Sint. Thomas. Universiteit ingkang oemadegipoen sampoen wiwit ing taon 1611) moeridipoen ing sapoenika namoeng 800.

Sampoen doemoegi samanten roemijin. Béndjing jèn kapareng, badé ngldjengaken ngrembag babagan radja niti lan bab tata barisanipoen Pasamoewan Soetji.
Djalaran.

Solo, tjekal lan Hulppostkantoor ingkang roemijin kasampiraken dateng st. N. I. S. kleres satoenggiling dinten dateng station, réhning Toean Chef saé panggalihanipoen, jèn wonten serat ingkang toemoedjoe dateng Pak D. T. S. kaperih mendet pijambak ing lokèt. Dipoen poenika noedjoni Toean Chef vrij, kawakilan saking sanès, ning oegi saé panggalihipoen. Sareng pirsra koela, boten kesoepep nama koela, ladjeng ndangoe kapreloeanipoen. Koela mangsoeli preloe anotjogaken djam, sarta bokmanawi wonten serat. Nalika poenika kleres kesarengan satoenggiling Njonjah, oegi badé mendet serat jèn wonten. Ladjeng tjek mendet briefkaart, kawaos wolak-walik, Toean Chef pitakèn, poenapa temen serat poenika dateng pijambakipoen? Wangsoelan: Boten, déné. Toean Chef ngandika malih, poenapa sababipoen kawaos tijang boten hapipoen rak boten kénging. Njonjah poenika boten mangsoeli poenapa-poenapa ladjeng késah.

Toean Chef wakil wae sareng ngretos jèn koela R. K. saja seneng katingalipoen, kresa ngadjak goedjengan poenapa ingkang pantes. (Asmanipoen doemoegi titi poenika taksih kèngetan). Ananging dateng poendi lenggahipoen sapoenika Pak D. T. S. boten mangretos. Sabab sampoen lami boten naté kepranggoel. Dados jèn kagalih ngatjemong angmandaka, nedya kanjatakaken, ngrika saged oegi sampoen djengkar saking tanah Djw. oetawi koekoeban V. L. saha oegi sampoen kesoepep mestinipoen!

Wasana sampoen dados panggalih saha ngloebèrana samodra pangaksama.
Poen SÈRÈT KALIH.



## Secretaris Nationale Fascistenpartij sowan datang Vaticano.

Augusto Twiati, secretaris Nationale Fascistenpartij, mentas sowan ngarsa dalem Kg. S. Rama. Sowan-poen pinaharga ageng-agengan kados prajagoeng loehoer. Anggènipoen wawan sabda ngantos kalih tengah djam. Salebetipoen imbal pangandika waoe, ngarsa dalem ngandikaken anggènipoen angakeni Fascistische partij lan Fascistische Organisatie.

## Panganggéning wanita, gagrag énggal.

Dawoeh datang sadaja Bishop.

H. Congregatie van het Concilie kala 14 Febr. paring dawoeh datang Bishop ing saindenging djagad ingandikakaken toemindak kentjeng toemrap sandang-panganggéning wanita ingkang boten soesila.

Para Bishop, imam, bapa, bijoeng, kepalaning pamoelangan, toewin pangagenging grija panggoela-wentah, sami kaengetaken datang wadjibipoen toemrap soesilaling panganggéning-poen para wara, kenja toewin laré-laré èstri. Tijang èstri ingkang soemrawang oet. boten broekoet panganggéning-poen, boten kapareng tampi Salira Dalem, poenapadéné boten kalilan dados Emban Baptis. Menawi perloe (—kesangeten—), mlebet datang Grédja kémawon kedah boten pareng. Dawoeh poenika kedah katindakaken kengjtjeng, langkoeng-langkoeng manawi ngleresi riarjariaja Katholik.

Ing dawoeh waoe, mawi mrajogékaken soepados pendak taoen panggrèh kabiskopan ngwontenaken resembahan manah tjara-tjara ingkang prajogi ingkang sakinten kenging katindakaken sarta wasananipoen saged ngadjengaken gagraging panganggé ingkang laras kalijan kasoesilan Katholik.

## Golongan dédé Katholik kalijan pamoendoet dalem toemrap pangoeja-ojeja ing Roeslan.

Pandjenengan taksih sami kèngentan, nembé poenika ngarsa dalem Kg. S. Rama moendoet sembahjangan-poen sadaja tjang Katholik, ing sadjagad kanggé tetijang Kath. ingkang kineoja-kojeja margi Agama, ing nagari Roeslan.

Gandèng kalijan prakawis poenika, serat kabar Islam ing Lahore anama *Ligt* (—Het Licht; Obor—). damel tjéntangan soeraos makaten:

„Pamoendoet poenika waoe namoeng toemoedjoe datang djagad Katholik. Éwadéné mranani manahipoen saben tjang dédé Kath. ingkang migatosaken Agami. Jajasan-jajasan ingkang sinoektjékaken ing Agami, dipoenleboer ing golongan tanpa Agami kados tanpa pangaos babar pisan, — kawontenan poenika saèstoe ngeres-eresi. Mila sampoen pantes kémawon manawi ing tanggal 19 Maart waoe golongan Islam toewin Hindoe sami toemoet sembahjang. Golongan Islam manawi nindakaken poenapa-poenapa ing-

kang mawi arta radi kendo. Nanging manawi sembahjang, rak inggih saged.”

Serat kabar Protéstan ing Bombay anama „*Dnyanodaya*”, oegi damel tjéntangan, asoeraos makaten: . . . . . Kita pitados bilih Paus ingkang djoemeneng sa-poenika, lempar tebaning panggalih angakeni bilih pangoeja-ojeja ngeres-eresi ing Roeslan poenika toemoedjoe ngangsarakaken sadaja oemat Kristen boten perdoeli golongan Kristen poenapa. Sadaja oemat Kristen ing tanah poendi lan golongan Pasamoewan poendi kémawon, sami soesah sanget. Lan kita inggih pitados, pamoendoet dalem Kg. Paus badé ingaminan ing sadjagad kanti soeka bingahing manah, sarta badé andjalari para oemat Kristen ing poendi-poendi ing dinten waoe sami njatoenggalaken gagasan toemoedjoe datang pangoeja-ojeja ingkang moebal wonten Roeslan.

## Agami Katholik ing Amérika.

Saben taoen tjatjahing tjang Kath. ing Amérika mindak katah. Ingkang makaten waoe inggih oegi kasebakaken déning katahing tjang ingkang alihan mrikoe. Nanging sapoenika tjang toetroeka waoe dipoenwatesi, mila indaking tjatjah djiwa Kath. ingkang katah inggih margi indaking kelahiran.

Ing wkdal sapoenika limrahipoen ingakenan — sanadjan golongan Protestant inggih angakeni — bilih golongan Kath. ing Amérika kalebet kakijatan batos ingkang rosa pijambak, ingkang tjalon saged njirep oebaling risakipoen kasoesilan, poenapadéné njakedikaken tjatjahing tjang ingkang boten maèloe datang Agami.

Tetijang Kath. sampoen gadah sakolahan-sakolahan, grija sakit, lss. Nanging poenika dèrèng tjekap. Wandawa Kath. kalijan pangagengipoen taksih amoedidaja sagedipoen wonten koran ageng ingkang saben dinten andatengi lan dados mitranipoen tjang-tjang. Namoen ing nagari Georgia ingkang saged anindakaken prakawis poenika kanti saé toer wohipoen ndemenakaken.

## Bintang saking Roem.

Amarengi 100 taoenipoen Congregatie v. d. Broeders van O. L. Vrouw van Lourdes ing Dongen, ngarsa dalem Kg. S. Rama matadani bintang *Pro Ecclesia et Pontifice* datang Broeder Amedeus, sesepoehipoen Congregatie waoe. Anggènipoen nampèkaken bintang waoe kala 11 Febr. angleresi ngatingal dalem Déwi Marijah wonten goewa Lourdes.

Broeder ing Dongen poenika, panoenggilanipoen Broeder ingkang ngerèh weeshuis ing Bogor.

## Mr. Pacificus Bos.

Pandjenengan dalem Mgr. P. Bos ing Borneo-Nederland badé prelop datang Nederland. Tindakipoen saking Pontianak datang Singgapoer 29 April. Saking ngrikoe nitih baita *Konigin der Nederlanden*.

## Chriamfje.

Ing Baoesasran wonten sakolahan énggal nama Taman-Hadi-school. Bikakipoen sampoen sawoelanan ngrikoe. Goeroenipoen wonten ingkang Kristen, Islam lan Theosofie. Soepados boten wonten pradongdi-Agami, ladjeng sami damel Agami énggal amendeti patnipoen Kristen, Islam lan Theosofie. Agama waoe kanamakan: Chriamfje (saking: Christen, Islam, Theosofie).

## Atradjang komis.

Aneta njarijosaken bilih Tiong Hoa ingkang kagrajang atradjang komis, sampoen sami dipointjepeng, wonten Palembang 4, Riou 16, wonten Soerabaja 2, Betawi 2, lan wonten Prabalingga 1. Prakawis poenika saweg kaeroes, sarta kamanah kadospoendi anggènipoen badé matrap paoekoeman tetijang Tiong Hoa waoe.

## Alimin lan Moesa.

Sawatawis woelan kapengker, gémbong komis kekalih poenika manggèng ing Singgapoer. Sadèrèk Alimin nganggé nama Tiong Hoa: Ah Lee. Sapoenika sadèrèk Moesa manggèng wonten Moskou, déné sad. Alimin taksih ngoelandara wonten Wétan boten gadah enggèn ingkang matoek. Makaten tjarijosipoen *Bat. Nieuwsbl.* (Nanging èngget koela naté wonten wartos sadèrèk Alimin alijas Ah Lee pedjah pinardjaja. Dados poendi ingkang leres????— Red.).

## Kabesmèn ageng.

Dèrèng dangoe poenika peken ing Tandjoengredèp Bandjarmasin mèh

sadaja loedes. Toko 61 dados awoe sadaja. Kapitoenèn kinten-kinten f 30,000.

## Wangsoel saking Digoel.

Serat kakantjangan tanggal kalih April, amarengaken wangsoelipoen tetijang boetjalan Digoel kaseboet ing ngandap poenika:

1. Soewardi (Soewarti) pikantoe palilah wangsoel datang Djawi Kilèn.
2. Mohamad Moesa, datang Koedoes (Djawi Kilèn).
3. M. Soediman datang Djawi Kilèn.
4. M. Daso alijas Dirdjadidjaja datang afd. Semarang (Djawi Tengah).
5. Salimin alijas Martasoedarma datang afd. Semarang (Djawi Tengah).
6. Djojasantosa alijas Djojakoer datang Blitar (Djawi Wétan).
7. Djamaloeidin al. Malin Boengoe datang Soematra Kilèn.
8. Moeradin bin Abdoelbrahim datang res. Ternaté gouv. Maloko.
9. Joenoos bin Maana datang Ternaté.

## Djiwa Digoel.

Margi toemoet badé brontak Juli '27, manoe art. 37. I. R. ingkang kaseboet ing ngandap poenika sami kaboetjal datang Digoel:

1. Sastradjirin (Djirin), oemoer 54 taoen, tilas blawdrucker ing kantor Centrale werkplaatsen N.I.S. Djokja. kelahiran doesoer Djaranan Kota Gedé, Djokja. — 2. Paimin tilas klinker ing Centrale werkplaatsen N.I.S. Djokja, oemoer ± 52 taoen, klahiran kampoeng Sebandaran kita Semarang.

## Prakawis paos.

Ordonantie paos art. 87 mraté-lakaken sinten ingkang doemoening dinten wangenan boten ngladosaken aangifte, saged kadenda doemoegi f 500. Déné art. 88 mraté-lakaken sinten ingkang anggènipoen ngisèni aangifte kadjarag boten leres oet. boten djangkep, saged kaekoem, dangoe-dangoenipoen 6 woelan; kadjawi manawi sadèrèngipoen ladjeng poeroen ngleresaken kadjengipoen pijambak.

Ing salebetipoen tn. 1929, manoe Aneta Betawi wonten bangsa Éropa langkoeng saking 1700, ing Bandoeng ± 200, ingkang anggènipoen ngladosaken aangifte langkah saking wangenan. — Mila sadèrèk, sinten ingkang kanggé tn. 1930 poenika roemaos dèrèng ngladosaken aangifte, soepados ladjeng nglampahi wadajib.

Toemrap Ngajogjakarta kasèb-kasèbipoen doemoegi 7 Mei.

## Indonesia wonten ing Afganisten.

Kaseboet ing seratiipoen Mohammad Nadir radja Afganisten datang pènsioenan opsir van Gezondheid ing Bandoeng njarijosaken oegi kepènginipoen sang nata andjadjah Indonesia.

## 40 taenan Maréchaussée.

Kala 2 April poenika wontening Marsosé ing Atjih djangkep 40 taoen. Dinten waoe wonten Atjih pinèngentan ageng-agengan. Katah ingkang sami pikantoe bintang.

## Lelampahan ngeres-eresi.

Salebetipoen minggoe kapengker (malem tanggal kalih) nonah Poppie Bekkering anakipoen toewan Bekkering ingkang gadah hotel ing Noordwijk Weltevreden, pinardjaja ing tjang wonten salebetipoen tilem. Sakawit dipoenantem goendoel kaprenah ing sirah, . . . poen nonah ndjerit. Bapakipoen badé toetoe-loeng, . . . nanging dèrèng ngantos doemoegi kamaring anak, poen nonah sampoen dipointonani mawi blati kaprenah ing dada lan lempèng. Nonah waoe (—oemoer 18 tn.—) ladjeng kaoperasi, sapoenika sampoen katingal majar. Poelisi riboet ngoepados oeroesan, nanging dèrèng pikantoe titik.

## Tijang pitoe pedjah margi kebrongot gas moeroeb.

Ing doedoekan gas gadahanipoen B. P. M. Ngala, Blora, salebetipoen minggoe kapengker moeroeb. Kala samanten ngleresi masang benzinereservoir. Koeli ingkang pedjah sanalika satoenggal. Ingkang tateo sanget 17, poenika ingkang pedjah nenem.—

## Pandhuisdienst.

Tanggal 19 April ngadjeng poenika ngleresi wijosanipoen P. Hendrik, kantor-kantor limrahipoen katoetoe. Nanging gandèng kalijan wontening liberoan tanggal 18, ladjeng: 20 April dawah Ngadah, lan 21 April (Senèn) . . . pangageng Pagantosan andawoehaken soepados sadaja pagantosan ing tanggal 19 April waoe boten dipointoetoe. Para poenggawa, kadjawi beheerder lan onderbeheerder, sami pikantoe overwerk.

Gandèng kalijan beheerder lan onderbeheerder wonten ing tanggal 19 waoe boten pikantoe overwerk,

Sw. T. 4 April poenika njarijosaken ing Ngajogjakarta wonten panitya tinanggenah njatitèkaken boe-koe-boe-koe wedalan Balé Poestaka ingkang pantes lan boten pantes kawaos laré.

Gandèng kalijan prakawis poenika, koela roemaos perloe ambabadaken sakedik roemeksanipoen Pasamoewan Soetji sampoen ngantos poetra-poetraipoen kènging wisaning boe-koe.

Wonten Sw. T. ngriki koela radi kerep anggrètèhi babajanipoen boe-koe awon.

Djagad pantjèn kebak boe-koe-boe-koe toewin koran-koran lékoh, andjedjenesi. Wonten ing poendi kémawon, dalasan wonten karéta-sepoer pisan, pandjenengan badé mranggoeli boe-koe toewin koran makaten waoe.

Wiwit pinanggihipoen ngèlmoe njitak boe-koe kala abad 15, tjatjahing boe-koe saja mindak. Boe-koe saé saja wewah katah, nanging ingkang awon inggih boten kawon katah.

Boe-koe awon, saèstoe ambabajani! Langkoeng andrawasi tinimbang tjang ingkang risak kasoesilanipoen. Margi poenapa? Margi:

- a) Saged nlesep wonten poendi kémawon.
- b) Anggènipoen noenoentoen datang piawon boten wonten kendatipoen; toeroesan kémawon. Béda kalijan tjang! Anggènipoen noentoen datang maksijat: dang, dong, boten adjegan.
- c) Temboeng ingkang sinerat, poenika kawaos, dipoenraos-raosaken, kagagas-gagas pandjang, mrasoek sanget. Tjara S. Bassilius: nganti sineboet dadi panganing soekmal Béda kalijan temboeng ingkang kaotjapaken: plas — plas gampil kesoepepèn!

Kala abad 16, tetijang anggènioen njoeboeraken ngèlmoe panasaran inggih sarana boe-koe-boe-koe, seraseratan toewin gambar-gambar ingkang njoewijah, ngawon-awon Pasamoewan Soetji.

Kala achiripoen abad 18, tetijang abritan ing Parangakik inggih sami migoenakaken dadamel boe-koe-boe-koe!

Pandjenengan rak inggih sampoen pirsat na, wartosipoen praboe Napoleon? Sang Nata, ratoe koewasa, soedira ing prang! Éwadéné roemaos tanpa daja ngendalèni tetijang ingkang maos boe-koe-boe-koe Voltaire toewin Rousseau. Amila pandjenenganipoen oegi ngawisi boe-koe-boe-koe waoe dipointjap malih.

Boe-koe-boe-koe saroe, romanroman modèl baroe, serat-serat kabar liberal, socialistisch, ngrisak kasoesilan, nebihaken tetijang saking ngibadahipoen.

\*\*\*

Tetijang Katholik pijambak inggih katah ingkang kapitoenèn margi dajanipoen boe-koe saroe. Wonten ingkang imanipoen ladjeng laroe babar pisan. Wonten oegi ingkang karaniipoen-kémawon Katholik, nanging panggraita Katholik sampoen moesna. Tékad Katholik sampoen lemes. Gagasanipoen: boetek, kelimpot. Dateng papatjoehing Agami njapèlèkaken; kalijan pangageng<sup>2</sup> Pasamoewan, boten nggrèwès, datang anggering laksita-darma boten mre-doeli. Anggen-angen lan patrapipoen, manoe wawatun toewin pangodjokipoen tetijang boten gadah kasoesilan ingkang kawahja wonten salebetipoen boe-koe-boe-koe roman saha serat kabar. Ingkang makaten waoe saèstoe nama pitoeana ageng toemrap Pasamoewan Katholik.

Mila, . . . . . wiwit kina mila Pasamoewan Dalem tansah anandangi sirnanipoen boe-koe awon. Ingkang makaten waoe, inggih margi angèkahi wewenang toewin nglenggahi wadjibipoen.

Katjarijos, sadèrèngipoen wonten ngèlmoe panjatak boe-koe, Rome inggih sampoen mangoen perang mengsah boe-koe-boe-koe awon. Kala

semanten boe-koe-boe-koe boten patos katah, toer ingkang maos limrahipoen namoeng para wikoe. Mila, doemawahing awisan, manawi boe-koe s a m p o e n kawedalaken. Minangka tjonto, Parepatan Pasamoewan ing Nicea (325) ngawisi tjang Katholik maos boe-koe-boe-koe Arius, I. S. K. S. Rama Anastasius, † 401, ngawisi maos boe-koe-boe-koe Origenes; Innocentius, † 419, ngawisi maos boe-koe-boe-koe Pelagius; Leo I, † 461, ngawisi maos boe-koe-boe-koe Manicheèn. Ing bédjengipoen, boe-koe-boe-koe Monotheliten, van Abelard, Marsilius van Padua, Wicleff toewin Hus, inggih kalebetaken awisan.

Pratélan boe-koe awisan (Index) ingkang sapisanan, poenika kaseboet wonten Nawala dalem Gelasius, † 496.

Abad 15 ngèlmoe panjatak pinanggih! Boe-koe saja katah, reginipoen mlorot, tetijang saja remen memaos. Pasamoewan Dalem manggalihi boten tjekap manawi wontening awisan toemrap satoengging boe-koe awon, sasampoenipoen boe-koe waoe kawedalaken. Pasamoewan Soetji ladjeng toemandang amèkani wedalipoen boe-koe boten saé.

Ing taoen 1501, ngarsa dalem Alexander VI andawoehaken: tetijang Katholik manawi ngarang boe-koe, sadèrèngipoen kawedalaken, kedah kapriksakaken roemijin datang Kg. Bishop. Ing sakawit dawoeh poenika namoeng toemrap sawenèhing kabiskopan ing Djerman. Nanging kala 1515, saking karsa dalem Leo X, ladjeng katoemrapaken saindenging djagad Katholik. Ing kabiskopan-kabiskopan sami damel pratèlanipoen boe-koe-boe-koe ingkang ambabajani toemrap wandawa Katholik.

Ngarsa dalem Paulus IV, kala tn. 1559 ngedalaken *Romeinse Index*, winadjibaken datang sawewengkon Pasamoewan Katholik. Index poenika waoe saking poatoesanipoen Parepatan Pasamoewan ing Trente (1545 — 1563) kasetitèkaken, dipoenéwahi toewin kawawahing ing panitya, ingkang ladjeng kaabsahaken ngarsa dalem Pius IV († 1565). Para Sinoehoen ing Roem ingkang kantoen-kantoen inggih sami nindakaken makaten (Sixtus V, † 1590; Clemens VIII, † 1603; Alexander VII, † 1667; Benedictus XIV, † 1750. . . . .) Malah ngarsa dalem Benedictus XIV poenika wonten ing Nawala Sollicite ac Provida 9 Juli 1753 andawoehaken papatokan kanggé matoki awon saéning boe-koe.

Tanggal 24 Maart 1564, ngarsa dalem Pius IV ngedalaken Nawala Dominica Gregis ngewrat Patokan sadasa ing Index toewin Index tjatetan boe-koe-boe-koe awisan, ingkang ladjeng kaoendangaken dados wet oemoem wonten salebeting Pasamoewan Katholik. Wet poenika waoe toemindakipoen ngantos 3 abad langkoeng. Tanggal 25 Januari 1897 ladjeng ginantos Nawala dalem Leo XIII officiorum ac Monerum ingkang namtokaken patokan oemoem énggal. Tanggal 17 Sept. 1900 wonten Index énggal, lan kala 1917 sampoen kaetjap kaping nem. Kala taoen kapengker, wonten Index sinerat mawi basa Itali . . . . .

Semanten sadèrèk roemeksanipoen Iboe Pasamoewan Soetji datang kita. Koela poepoedji moegi pakarjanipoen komisi boe-koe ing Ngajogja moerakabana ing ngakatah. Moegi ing bédjeng pratèlan saking koemisi waoe, saged kawrat wonten Sw. T. kènginga kanggé papandipoen para goeroe lan tjang sepoeh ingkang roemeksa poetra-poetraipoen.

Kumuningsaselé 6 April '30.

Taklim: PATJAR MERAH.

P.P.P.H. ladjeng toemandang ngodjèl prakawis poenika.

## Kepandoean Bangsa Indonesia.

Padvinderij P.K., I.N.P.O., toewin P. P. S., ingkang sami adedasar kebangsan sami mangoenggil, kanamakan Kepandoean Bangsa Indonesia. Ingkang dados panggrèhipoen Tirsoepana (pangarsa), Pintor (moeda pangarsa), Moewardi (panitra I), Soepardan (panitra II), Soegandi Pring-gaatmadja pangroekti arta; kalijan sadèrèk: Soerata Sastraamidjaja, dr. Bahder Djohan, Zaidir toewin Nazir: Commissaris.

## Dagang baton Pangoedi Hardja.

Saking ada-adanipoen asistèn-wedana toewin mantri goeroe, ing bawah kaonderan Klirong (Karanganjar) kala 19 Djanoewari '30 wonten pakempalan dagang baton anama Pangoedi Hardja. Sadèrèk tani sami ambijantoni adegipoen P.H. ingkang

## CORRESPONDENTIE.

Hr. Marta. . . . . Premboen: Pandjenengan sinten lan bonné nomer pinten? Karangan sanès dipoenrantosaken roemijin. —

Abonné no. 685: sampoen dipoeneroes, teroes dipoenkintoeni. —

## KABAR OEMOEM INDONESIA.

### SAKING NGAJOGJAKARTA.

*Pitoeoengan datang tjang woeta.* Arta anggènipoen nglempakaken saking tetijang, saha sekolahan — sekolahan Ngajogjakarta kanggé mitoe-loengi blindeninstituut Dr. Yap Ngajogja lan blindeninstituut Bandoeng, klempakipoen boten kirang saking f 2200.—

*Kèndel kalajan hoermat.* Pandjenenganipoen A.J.E. Jasper, tilas goepernoer Ngajogjakarta ingkang sapoenika angleresi perlop, saking panjoewoenipoen pijambak, ing awaling woelan April poenika keparingan kèndel kalajan hoermat.

*Woekerbestrijding.* Ing Ngajogja wonten panitya nandang lintah darat. Panitya waoe kadadosan saking wakil P. S. I., P. N. I., B. O. Sedyanipoen ngangkah soepados saben kampoeng wonten *Roekoenkampoeng*, ingkang ladjeng ngadani „verbruiks-coöperatie.” Manawi ing kampoeng-kampoeng sampoen wonten kooperatie, ladjeng badé dipoenwonteni central. Sapoenika badé anandangi: a. propaganda ing kampoeng-kampoeng nerangaken bebajanipoen lintah darat. b. Bédjeng malem Kemis 16/17 April badé ngawontenaken pepanggihan kalijan wakil-wakil kampoeng manggèng ing soos Handé-Projo. Tjangan ingkang badé andatengi pepanggihan waoe kedah gadah serat oelem. Serat oelem saged neda datang secretaris panitya sad. Djoerèmi Ngasem, oetawi alantaran *Bintang Mataram* toewin *Sedyo Tomo* (B.M.).



**M. v. BIENE.**

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

**DJOKJA BANDOENG**  
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja  
**SWARA TAMA,**

dengan bawa lembaran Swara Tama dapat POTONGAN.

**PAKOLÈH TOER LOEWESAN SAË TOEWIN AWÈT INGGIH NAMOENG**

**MERK GAZELLE**

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON }  
DUNLOP } RIJWIELEN  
R. I. W. }

**Nitjil kénging! - Kentjèng soekoer!**

**GAZELLE HUIS - ROEMAH GIDANG**  
MALIOBORO - DJOKJA - TELF. 508.

**KALAU BELI OBAT - OBAT**

**DJOKJA** mémang tiada maoe pakai per-tjoema, melainkan boeat djaga keséhatan. Tetapi kalau tiada terima obat jang selamanja baroe dan paling baik, lebih pintar **DJOKJA**

Obat-obat keloearan roemah<sup>2</sup> obat

**MALIOBORO „RATHKAMP” MALIOBORO**

soedah terkenal berapa banjak poeloehan tahoen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tjap

**DJOKJA „RATHKAMP” DJOKJA**

tangoeng beli jang paling baik. Djaga tjap „RATHKAMP” dan „ERCEE”

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

Ngatoeri priksa para sadèrèk toewin kadam mitra, nalika Eerste Vrijdag kaping 7-3-30 koela kaparingan momongan ingkang sapisanan medal djaler kanti wilodjeng. Saha koela namakaken

**JOZEF SRI MARIADI.**

Tijang sepoehipoen

A. DJASWADI  
V. SRIMANI

**Toko DJOEN & Co., Djocja.**  
PATJINAN MOEKA TOKO FUJI - TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannya.

**ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.**

**SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.**

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciala die giling dengan machine Electrics, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tangoeng sampee menjenengen, harga per pond f 0.90.

Bolih datang saksiken!

Memoedjiken dengan hormat  
**Toko DJOEN & Co.**

**TOKO BARANG-BARANG H. SPIEGEL — Djokja.**

**ADRES JANG PALING BAIK, boeat:**

Eetserviezen - Theeserviezen: f 5,75.  
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;  
Kereta dan korsi boeat anak-anak;  
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan  
- permainan boeat anak-anak ketjil. -

**Semoea barang paling djempol, dan moerah sekali!**

**MANGGA SAMI NGABARNA**

ING

**SWARA-TAMA!**

**TJÈT GILAP wedalan FRIELING model A.**

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

**kawadahan ing bèg, netto 10 5 2 1/2 1 1/2 kio;**

**sabèg regi 10,50 5,50 3,- 1,30 0,75;**

**TJÈT GILAP model B.** kanggé ndjawi lan nglebet namoeng kantoen ngagem; sablèg netto 10 kilo: f 8,50; 5 kilo: f 4,50.

**PABRIK TJET R. B. FRIELING,**  
Gondhomanan 80 - DJOKJA - Teefoon no 784.

**DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.**

Ambarawa 6.-7.30	Lamah 5.30-6.-8.	Pekalongan <sup>8)</sup> 7.30	Soerabaja: 6-7-9.
Amboina 7.30	Lawang <sup>5)</sup> 7.	Pemalang <sup>3)</sup> 7.30	Kepandjèn 6-7-9.
Bagan Siapi-api 7.30	Madioen 6-7.30	Pemangkat 8.30	Anita Boul. 6-7.30-9.
Bandoeng 6-7.30-9.	Magelang 7-9.	Poerwokerto 7.30	Soerakarta 6-7-8.30.
Benkoelen 7.30-9.	Makassar 6-7.30	Poerworedjo 7-8.30	Tandjoeng Balai 7.30.
Blitar 7.30	Malang 6-7.15-8.30	Pontianak 7-8.30	Tandjoeng Karang 8.
Buitenzorg 6-8.	Manado 6-7.30	Probolinggo 7.30	Tandjoeng Sakti 7.30.
Cheribon 7.30	Medan 6.30-8-8.30 (tjina).	Salatiga 7.30	Tara-Tara 7.30.
Djember 7.30	Medari <sup>6)</sup> 7.30	Sambas 6-8.30	Tegal <sup>2)</sup> 7.30-9.30.
Djokja: 7.30	Meester Corn. 7-9.	Sambong 8.	Tering 7.
Kampementstraat Eur. 7-9.	Jav. 6-8.	Sawah Loento 7-8.30	Tjilatjap <sup>8)</sup> 7.30.
Kota Baroe 6-7.30	Mendoet 6-7.30	Sedajoe 7.	Tjimahi 6-8.
Djombang <sup>1)</sup> 7.30	Modjokerto 6-8.	5.45-8.30	Tomohon 7-8-9.
Fort de Kock 7.30	Moentilan 5-6-8.	Semarang: 8.	Wates <sup>7)</sup> 7.
Gandjoeran <sup>2)</sup> 7.	Muntok 8.	Gedangan 6-8.	Weltevreden: 6-8.
Gombong <sup>3)</sup> 7.30	Ngawi <sup>7)</sup> 7.30	Bangkong 6.30-8.30	Waterlooplein 5.45-7-9.
Keboemèn <sup>4)</sup> 7.30	Padang 7-8.15-9 (tjina).	Tjandi 7.30	Kramat 6-8-9 (mal.).
Kediri 7.30	Padang Pandjang 7.30	Randoesari 7-9.	Wonosobo <sup>8)</sup> 7.30.
Klatèn 7.30	Pajakoeumbo 7.30	Singkawang 6-7.30	Woloan 8.30.
Koeta Radja 6.30-8.	Palembang 7-9.	Heuvel 5.30	
	Paseroean <sup>1)</sup> 7.30		

<sup>1)</sup> 1e. Achad. <sup>2)</sup> 1e. Achad tiao<sup>2</sup> doea boelan. <sup>3)</sup> 2e. Achad. <sup>4)</sup> 1e. Achad tiao<sup>2</sup> doea boelan. <sup>5)</sup> 1e., 2e., 4e. Achad. <sup>6)</sup> 2e., 4e. Achad. <sup>7)</sup> 3e. Achad. <sup>8)</sup> 3e. Achad.

sedyanipoen andandosi toewin ndjagi kabetahan sabèn dinten, poenapadéné ndeder widji katresnan saha rekse-roemeksa. Para warga kawadibaken mbajar aandeel regi f 5,- katjijil salebetipoen gangsal woelan oetawi kabajar djrèng. Doemoegi achiropoen woelan Maart poenika, warganipoen P. H. sampoen wonten 68. (Sedya Tama).

**Westersch Lager Onderwijs.**

Saking paniti-priksanipoen Holl. Inl. Onderw. Commissie, tétéla bilih pangkat-pangkat nagari 150.000 poenika ingkang 29.000 soepados angasal didikan westersch lager onderwijs (dados gadah diploma K. A. oetawi langkoeng inggil). Pangkat 29.000 waoe kirang langkoeng ingkang 11.000 oetawi 37% dipoenenggèni tetijang Indonésijah mawi didikan Walandi (Westersche opleiding.) Padamelan ingkang kénging dipoenlampahi tijang Indonésijah sanadyan boten pikantoeke diploma K. A., poenika ing ngrikoe wonten bangsa Indonésijah 3.400 ingkang angasal didikan Kilèn. Dados laré-laré waoe, ingkang 76% saged angasal pangkat ingkang timbang kalijan diplomanipoen, déné ingkang 24% angasal pangkat langkoeng andap sakedik. Manawi kapétang wiyit taoen 1900, tetijang Indonésijah ingkang angasal didikan Kilènan ingkang saged angasal pandamelan nagari, kirang langkoeng wonten sapaalihipoen.

**Padjeg personeel.**

Manoet A. I. D. paos personeel taoen 1929 netto ing tanah Djawi lan Madoera wonten f 3.829.170,56 oetawi langkoeng katah f 330.147,93 tinimbang kala taoen 1928.

Ing tanah Sabrang paos waoe wonten f 1.209.923,42 oetawi lang-

koeng katah f 118.528,64 tinimbang taoen '28.

Dados sa-Indonesia goenggoengipoen f 5.039.093,98, oetawi langkoeng katah f 448.676,57 tinimbang taoen '28.

**Noentakaken rah ing salebeting koendjaran.**

Salebetipoen minggoe kepengker pakoendjaran Malang ing pérangan ingkang dipoenenggèni bangsa Boegis satoenggal, Madoera satoenggal, lan Djawi woloe wonten kerengan, kabekta saking étjè-étjènan. Poen Boegis bekta dedamel tatah, saged medjahi Djawi kalih sanalika poenika oegi, lan natoni Djawi 5.

**Journalist Tionghoa dateng Éropah.**

A. I. D. njarijosaken t. Ho Tin Jan, hoofdredacteur Sumatra Bin Po ing Medan, woelan April poenika késah dateng Éropah perloe ndjembaraken seserepan journalistiek. Pijambakipoen poenika wedalan Universiteit Shanghai.

**Ngaken dados ratoe.**

Kala 17 Maart poelisi Wanasari lan Soekasari mentas njepeng tijang ingkang ngaken dados ratoe wonten ing Soembergading Bandawasa. Pijambakipoen nama: Soema, roemijin naté dados oepas-perceel, toewin mandor-kebon. Kadjawi poenika inggih dados doekoen, toekang petèk, toekang tenoeng. Nalika madeg ratoe, grijanipoen pinadjang-padjang mawi bandéra: tjemeng - koening - petak-abrit. (Tjemeng ateges: wong koelit ireng doewé ratoe déwé, ija koelit ireng.) Nalika dateng kabekelan Soekasari, Soema nganggé penganggé petak, sikilipoen kalih pisan dipoen-gelangi soetra abrit, akaloeng soetra oegi abrit, nganggé keris,

mbekta serat-serat sastra Arab. Moe-ridipoen, penganggènipoen inggih sami, namoeng kaot tanpa keris, lan rainipoen dipoenangoes.

Nalika dipoentakèni: serat sastra Arab waoe oengeliipoen toeroenan saking langit, déné kerisipoen gadah kasijat ndatengaken lan ngésahaken djawah . . . Praboe Soema samoeridipoen, katahan. Wonten oegi ingkang nginten: praboe Soema waoe radi éwah. - (Bahagia).

**Schakelschool énggal.**

Nagari ngedegaken Schakelschool wonten ing Menes (Banten). Bikakipoen 1 Juli ngadjeng poenika.

**Pokroel Djéndral énggal.**

Het Nieuws njarijosaken bilih Mr. R.J.M. Verheyen w.d. Pokroel Djéndral minggoe poenika prelop dateng Éropah. mBéndjing sawangsoelipoen, kadadosaken Pokroel Djéndral.

**Ambesmi lajon.**

Tanggal 6 April poenika ing Selat tjaket Karangasem Bali, wonten lajon kabesmi.

**Arta kas kirang f 10.100.**

Nalika dipoentitiprika, katitik bilih ondercollecteur Karanganyan Banjoemas Kidoel njalingkoehaken arta katabipoen f 10.100. Prijantoen poenika sampoen dines 32 taoen.

**Persatoean Personeel Drukkerij Indonesia.**

Ing Soerabaja sapoenika sampoen wonten pakempalanipoen poenggawa Drukkerij anama „Persatoean Personeel Drukkerij Indonesia”. (Swara Oemoem).

**Ketoprak èstri.**

Ing Soerabaja wonten pakempalan

ketoprak èstri. Warganipoen ingkang katah sampoen sami njamboet damel wonten Singer. Malah wonten ingkang bodjon commies. Tjarijosipoen: niroe intellectueel ingkang remen-dansah. Patokanipoen: tinimbang dansah rangkoel - rangkoelan rak loewih apik ngetoprak. (Swara Oemoem).

**MANTJA NAGARI.**

**AMÉRIKA. Koran sapisanan.**

Pangetjapan ingkang sapisanan manggèn wonten Cambridge ing nagari Massachusetts kala taoen 1638, saking ichtjaripoen Stephan Daye. Ing ngrikoe ladjeng wonten pakarjan ingkang lestantoen doemoegi sapriki anama „Universety Press.”

Koran ingkang sapisanan, kawedalaken wonten ing Boston kala 1669, isinipoen namoeng pakabaran limrah. Nanging koran waoe ladjeng kapedjahaken, margi Nagari boten angasal manawi koran angrembag prakawis inggil-inggil. Pranatan poenika toemindak doemoegi 1704, kala semanten postmeester ing Boston, t. John Campbell ladjeng ngedalaken sk. *Boston News Letter*. Taoen 1728 ing Boston wonten koran malih nama *New England Weekly Journal* ngewrat kabar-kabar palajaran, premie - premie kanggé sinten ingkang saged manggihaken réntjang toembanan minggat.

**BARITANIJAH. Tijang nganggoer.**

Lagerhuis mentas ngrembag tjatjahipoen tijang nganggoer ing salebetipoen pabrik-monten. Tjatjahipoen tijang ingkang nganggoer 154.000 poenika kabekta saking éwahing kawontenan ing Indija Ing-

gris ingkang ladjeng ndjalari tebanipoen pabrik mori soeda 50%.

**Kintoenan emas saking Australie.**

Sakedap malih saking bank Commonwealth ing Sydney badé wonten kintoenan emas dateng London katabipoen wolong mlijoen pondsterling.

Wiwit Juli 1929 sampoen wonten emas 17 mlijoen pondsterling ingkang kakintoenaken dateng Inggris.

**ROESLAN. Pangoeja-oeka dateng golongan Agami.**

Manoet péntangan officieel ing sa-Sovjet-Unie wonten Grédja 900, Synagogen 77. Grija pamoedjan 200 gadahanipoen Agami sanèsipoen, ingkang katoetoe. Doemoegi sapriki pangoeja-oeka boten wonten mendanipoen. Malah ing Kief ngoengelaken lontjèng kémawon dipoenawisi. Kathedral S. Wlodimir ing Klaf dipoen-toetoe.

Saja kesangeten malih, nganggé *tjintjin-kawin* kémawon dipoenawisi. Sebab poenapa? Awit poenika dados pasemon ing dalem Agama.

Nanging, memoedja wonten tjandi-tjandi Boeda ing kita Leningrad, boten ingawisan. Mesti kémawon ingkang makaten waoe inggih wonten wawadosipoen gandèng kalijan barisan kominis ing Asijah.

**FILIPPIJNEN. Tamoe journalist.**

Katjarijos Pilipinah badé katamoe-wan journalist gangsal welas saking Éropa. Journalist-journalist waoe ingkang 6 bangsa Parangakik, sanèsipoen bangsa Sepanjol, Brazilie, Portuges, djerman, Walandi, Amérikah, Scandinawi, Bèlgi. Journalisten poenika waoe kedjawi dateng Pili-pinah oegi badé dateng Tiongkok toewin Djepang.